

18. Kijan mwen pote yon plent devan OFCCP?

Ou kapab pote yon plent diskriminasyon lè ou:

- Ranpli ak soumèt yon fòmilè nan entènèt lan atravè sitwèb OFCCP a;
- Ranpli yon fòmilè anpèsonn nan biwo OFCCP a; oswa
- Lè ou ranpli ak voye yon fòmilè konplè pa lapòs, nan imèl, oswa nan faks bay biwo rejyonal OFCCP a kote diskriminasyon swadizan an te rive.

Fòmilè a disponib nan entènèt nan sitwèb <http://www.dol.gov/ofccp/regs/compliance/pdf/pdfstart.htm> ak nan fòm papyè nan tout biwo OFCCP yo. Pi jwenn biwo a ki pi prè ou, ale nan anyè nan biwo OFCCP yo <http://www.dol.gov/ofccp/contacts/ofnation2.htm>.

Sonje byen pou siyen fòmilè plent konplè ou. Si ou echwe pou fè sa, OFCCP pral toujou trete plent ou men yon anketè OFCCP pral mande ou pou siyen fòmilè a pandan yon entèvyou swivi. Yo dwe depoze plent yo pretann ki yon diskriminasyon baze sou andikap nan 300 jou apatide dat ki sou swadizan diskriminasyon an, amwenske yo pwolonje peryòd la pou pote plent la poutèt rezon valab.

19. Èske anplwayè mwen kapab revoke, refize ogmantasyon, oswa trete mwen nan yon fason mwens favorab poutèt mwen te pote yon plent?

Non. Se ilegal pou anplwayè ou pran vanjans kont ou poutèt ou te pote yon plent oswa ap patisipe nan yon anketè. Règleman OFCCP yo pwoteje ou kont asèlman, entimidasyon, menas, presyon oswa vanjans pou lè ou afime dwa ou yo.

20. Èske mwen kapab pote yon plent diskriminasyon devan toude OFCCP ak Komisyon an pou Opòtinite Egal nan Anplwaman / Equal Employment Opportunity Commission (EEOC)?

Wi, si ou pote plent la devan toude OFCCP ak EEOC, se ajans apwopriye a ki pral fè anketè la sou plent ou. Nan kèk sikonstans yo, OFCCP ak EEOC kapab deside pou travay ansanm pou fè yon anketè sou plent ou.

Anjeneral, OFCCP kenbe prive plent yo pote devan li kont kontraktè federal yo k ap deklare diskriminasyon baze sou oryantasyon seksyèl oswa idantite sèks yon

moun. Epitou anjeneral, OFCCP kenbe prive plent yo pote devan li kont kontraktè federal yo kote li parèt yo gen yon abitud fè diskriminasyon k ap afekte yon gwoup anplwaye oswa aplikan yo, ak sa yo ki deklare diskriminasyon baze sou enfimite (andikap) oswa sityasyon veteran. Anjeneral, OFCCP kenbe prive plent yo pote devan li kont kontraktè federal yo k ap deklare diskriminasyon baze sou poze kesyon sou, diskisyon sou, oswa divilgasyon nan salè yon moun.

21. Kisa ki pral rive si yo rezoud ke mwen te yon viktim nan diskriminasyon anplwaman?

Ou kapab gen dwa jwenn yon solisyon ki mete ou nan yon pozisyon kote yo ta gen bay ou si diskriminasyon an pa t janm rive. Ou gen dwa anplwaye, ankouraje, reentegre, oswa founi yon aranjanman ki rezonab, ki gen ladann yon demann pou transfè. Epitou, ou kapab gen dwa resevwa peman an aryè, peman alavans, yon ogmantasyon nan salè oswa kèk konbinezon nan tout solisyon sa yo. Anplis de sa, si OFCCP jwenn ke antreprenè a federal oswa tretan an vyole Seksyon 503 a, OFCCP kapab fè demach pou eskli oswa entèdi oswa retire konpayi nan konsiderasyon pou jwenn kontra federal yo nan pivevan an oswa anile kontra aktyèl oswa modifikasyon kontra konpayi a.

Pou jwenn plis enfòmasyon:

THE U.S. DEPARTMENT OF LABOR
Office of Federal Contract Compliance Programs
200 Constitution Avenue, NW
Washington, D.C. 20210
1-800-397-6251
TTY: 1-877-889-5627
www.dol.gov/ofccp

Tanpri sonje ke fèy enfòmasyon sa a bay enfòmasyon jeneral. Yo pa t kreye li pou ranplase lwa ak règleman aktyèl yo konsènan pwogram sa a.

KONNEN DWA OU YO

Dwa Enfimite (Andikap) yo

OFCCP Pwoteje Endividyèl yo ki gen Enfimite (Andikap) Kont Diskriminasyon

1. Kisa ki diskriminasyon anplwaman ki baze sou enfimite yon moun?

Diskriminasyon anplwaman ki baze sou enfimite yon moun jeneralman rive lè yon anplwayè trete yon aplikan pou travay oswa anplwaye nan yon fason ki pa favorab nan nenpòt aspè anplwaman poutèt endividyèl la gen yon enfimite, oswa yo konsidere li kòm yon moun ki gen yon enfimite. Diskriminasyon anplwaman ki baze sou enfimite yon moun kapab rive tou lè règleman oswa pwosedi yon anplwayè ki aparamman san patipri gen yon efè diskriminatwa envolontè sou endividyèl yo enfim yo.

2. Ki dwa mwen genyen?

Yo pa kapab refize ou anplwaman, anmède ou, transfere ou, peye ou mwens, refize ou travay, oswa maltrete ou si ou gen yon enfimite, oswa gen yon istwa enfimite, oswa poutèt anplwayè ou konsidere ou yon moun ki gen twoub mantal oswa fizik ki pèmanan.

Si ou se yon anplwaye enfim, ou kapab mande pou, ak anplwayè a dwe bay, “akomodasyon rezonab” yo pou pèmèt ou fè travay ou. Se anplwayè ou ki dwe bay ou akomodasyon rezonab amwenske aksyon sa a t ap lakòz anpil difikilte oswa depans serye pou anplwayè a.

Menm jan an tou, si ou se yon aplikan pou travay ki gen yon enfimite, ou dwe bay akomodasyon rezonab yo pandan pwosesis aplikasyon an pou pèmèt ou aplike ak pou yo konsidere ou pou travay la. Ankò, yo dwe bay ou akomodasyon rezonab yo amwenske li t ap twò difisil oswa twò chè pou yo fè sa a.

3. Baze sou lwa yo kont diskriminasyon, èske OFCCP ranfòse yo sou enfimite?

Wi. OFCCP ranfòse seksyon 503 nan Lwa a sou Reyabilitasyon. Lwa sa a fè li ilegal pou anplwayè yo k ap fè biznis avèk Gouvènman Federal la pou fè diskriminasyon kont aplikan yo pou travay ak anplwaye yo baze sou enfimite. Sa vle di anplwayè yo pa kapab fè diskriminasyon kont ou lè y ap pran desizyon sou anbochaj, revokasyon, salè, avantaj, asiyasyon travay, pwomosyon, dechaj, fòmasyon, ak lòt aktivite yo ki gen rapò avèk aktivite anplwaman.

4. Kimoun OFCCP pwoteje?

OFCCP pwoteje dwa aplikan yo pou travay ak anplwaye yo nan Kontraktè Gouvènman Federal yo ak sou-kontraktè yo. Sa gen ladan anplwaye yo nan bank, konpayi enfòmasyon teknoloji, izin anbalaj vyann, magazen an detay, izin fabrikasyon, konpayi kontablite, ak konpayi konstwiksyon, pami lòt yo.

Definisyon an pou Enfimite

5. Kisa ki definisyon an pou “enfimite”?

Yo kapab konsidere ou kòm yon endividyèl ki gen yon enfimite si ou gen:

- yon defisyans fizik oswa mantal ki mete gwo limit sou youn oswa plis nan aktivite lavi enpòtan yo; oswa
- yon dosye sou defisyans sa a.

Epitou yo kapab konsidere ou kòm yon endividyèl ki gen yon enfimite si yo “konsidere” ou kòm yon moun ki gen yon defisyans fizik oswa mantal ki mete gwo limit sou youn oswa plis nan aktivite lavi enpòtan yo oswa si yo “konsidere” ou kòm yon moun ki gen yon dosye sou oswa istwa nan defisyans sa a menm si ou pa gen yon defisyans.



6. Gen egzanj yo ki gen sou yon enfimite?

Yo ekri defisyans fizik yo anba a ke yo nòmalmalman konsidere kòm yon enfimite:

Dyabèt (Sik)	Kansè
Maladi malkadi	Enfeksyon VIH
Avègleman	

Defisyans mantal yo ki nòmalmalman konsidere enfimite yo ki gen ladan, men pa limite nan, defisyans sa yo:

Gwo twoub depresyon
Bipolè
Eskizofreni
Twoub Estrès Apre yon Evènman Twomatik
Twoub Obsesyon Obsesyonèl

7. Kisa “gen gwo limitasyon” vle di?

“Gen gwo limitasyon” vle di ke defisyans ou mete yon gwo limit sou kapasite ou pou pèfòme yon gwo aktivite lavi nan konparezon avèk pifò nan moun yo. Defisyans ou pa gen dwa anpeche, oswa mete restriksyon gwo oswa grav sou ou pou fè gwo aktivite lavi yo nan lòd pou yo konsidere ou kòm yon moun ki “gen gwo limitasyon.”

Pa egzanj, si ou dòmi pou jis dezèdtan chak swa poutèt yon twoub bipolè pandan yon moun nòmalmalman dòmi uit èdtan chak swa, ou se yon moun ki gen gwo limitasyon pou dòmi. Lè y ap fè detèminasyon sou si wi ou pa yon moun “gen gwo limitasyon,” yo konsidere efè segondè negatif yo ki rive poutèt medikaman. Dapre lalwa, yo pa konsidere chak defisyans kòm yon enfimite.

8. Kisa ki yon “gwo aktivite lavi”?

Sa a se yon lis pasyèl sou gwo aktivite lavi yo:

Wè	Manje
Mache	Leve Bagay
Pale	Aprantisaj
Konsantre	Kominike
Pran Swen Pwòp Tèt Ou	Dòmi
Kanpe	Bese
Respire	Fè Lekti
Panse	Pèfòme Travay Manyèl

Anplis, gwo aktivite lavi yo gen ladan fonksyonman an nan gwo fonksyon kòporèl yo, ki gen ladan fonksyonman an nan:

Sistèm Iminite
Ògàn Sans Espesyal yo ak Po
Kwasans Nòmalmal Selil yo
Sistèm Dijestif
Jenito
Entesten
Blad Pip
Sistèm Newolojik

Sèvo
Sistèm Respiratwa
Sistèm Sikilatwa
Sistèm Kadyovaskilè
Sistèm Andokrin
Sistèm Pwodiksyon San
Sistèm Lenfatik
Sistèm Miskiloskeletik
Sistèm Repwodiktif

9. Èske yo kapab toujou konsidere mwen kòm yon moun enfim si defisyans mwen rive sanzatann oswa si mwen nan remisyon (kòmanse geri)?

Wi. Yo konsidere yon defisyans ki rive sanzatann oswa detanzantan, oswa ki nan remisyon kòm yon enfimite si li mete gwo limitasyon sou jan yo pèfòme yon gwo aktivite lavi lè yo aktif.

Lè Y ap Aplike pou yon Travay

10. Èske mwen bezwen divilge enfimite mwen lè m ap aplike pou yon travay nan lòd pou yo pwoteje mwen?

Non. Yo pwoteje ou kont diskriminasyon si wi ou pa ou pataje enfòmasyon sa a. Sepandan, nan lòd pou ou jwenn yon akomodasyon rezonab, ou dwe di anplwayè potansyèl ou ke ou bezwen yon akomodasyon. Anplwayè a kapab bezwen sèten enfòmasyon konsènan enfòmasyon ou pou bay ou akomodasyon an..

11. Èske anplwayè mwen kapab fè mwen patisipe nan yon konsiltasyon medikal?

Si ou ap aplike pou yon travay, anplwayè a pa kapab mande ou pou reponn kesyon medikal yo oswa pou patisipe nan konsiltasyon medikal la anvan yo ofri ou travay la. Yon anplwayè kapab mande ou si wi ou pa ou kapab fè travay la ak kijan ou t ap fè travay la, avèk oswa san yon akomodasyon rezonab.

Apre yo fin ofri ou travay la, òf travay la kapab gen ladan sèten kondisyon yo tankou:

- rezilta satisfèzan nan yon medikal konsiltasyon, oswa
- reponn sèten kesyon medikal yo.

Se tout anplwaye yo nan menm kalite travay la ki dwe reponn menm kesyon yo oswa patisipe nan menm konsiltasyon an, pa jis anplwaye yo ki gen yon enfimite.

Anjeneral, lemoman yo fin anboche ou, yon anplwayè kapab sèlman poze ou kesyon medikal yo oswa mande ou pou patisipe nan yon konsiltasyon si:

- anplwayè a bezwen dokimantasyon medikal pou sipòte demann ou pou yon akomodasyon, oswa
- anplwayè a kwè ke ou pa kapab fè travay la byen oswa nan yon fason senesòf poutèt kondisyon medikal ou.

12. Kijan anplwayè mwen trete enfòmasyon medikal mwen?

Lwa a egzije ke yon kenbe tout dosye ak enfòmasyon medikal konfidansyèl ak nan dosye medikal apa lòt dosye anplwaman yo.

Lè Y ap Chèche Akomodasyon Rezonab yo

13. Kisa ki “akomodasyon rezonab”?

“Akomodasyon rezonab” se yon adaptasyon oswa modifikasyon yo fè nan yon travay oswa nan plas travay la oswa nan fason oswa sikonstans nòmalmal yo lè y ap fè yon travay k ap pèmèt aplikan oswa anplwaye enfim la pou reyisi nan aplike pou travay la, fè travay yo, oswa patisipe nan avantaj ak privilèj anplwaman yo. Yon akomodasyon rezonab pa chanje fonksyon travay esansyèl yo.

“Akomodasyon rezonab” ou kapab diferan avèk sa yo bay lòt anplwaye oswa aplikan yo pou travay. Sa a se poutèt akomodasyon an toudepann sou lanati enfimite a ak kalite travay la. Akomodasyon an, kèlkeswa sa li ye, pa kapab koute twòp lajan oswa deranje anplwayè ou. Se anplwayè ou ki kapab chwazi kalite akomodasyon rezonab la ke li pral fè disponib; sepandan, akomodasyon an dwe efikas. Pa egzanj, anplwayè a kapab chwazi pou mete yon ranp olyede yon asansè pou rezoud pwoblèm aksè yo.

14. Kisa ki kèk egzanj yo nan “akomodasyon rezonab” yo kapab bay pandan pwosesis anbochaj la ak pi ta pou ede nan fè travay la?

- Gen plizyè fòm nan akomodasyon rezonab yo. Yo ekri kèk akomodasyon komen yo anba a.
- Bay materyèl alekri nan fòma aksesib yo, tankou gwo lèt, Bray, oswa nan kasèt odyo.
 - Chanje oswa modifye orè travay yo.
 - Bay linèt mayifye oswa entèprèt lang siy yo.
 - Fè rekritman, entèvyou, tès, ak lòt pati yo nan pwosesis aplikasyon an pou jwenn anplasman kote yo.
 - Kenbe reyinyon manm pèsone yo nan kote aksesib yo.

- Bay oswa modifye ekipman ak aparèy yo.
- Chanje oswa modifye direktiv ak pwosedi yo.
- Chanje anviwònman travay la nan fason yo ki kapab amelyore aksè.

15. Kijan pou mwen mande pou yon akomodasyon rezonab?

Pa gen okenn pwosesis espesyal pou ou, swa ou se yon anplwaye oswa yon aplikan pou travay, pou mande pou yo akomodasyon. Ou pa bezwen sèvi avèk mo espesyal yo oswa mo “akomodasyon rezonab” yo lè ou ap fè demann ou, ni ou pa bezwen prezante demann ou alekri. Ou ta dwe tou senpleman di anplwayè ou ke ou bezwen yon modifikasyon oswa chanjman nan travay poutèt yon enfimite. Ou ta dwe pare tèt ou pou bay anplwayè ou ase enfòmasyon pou montre ke ou gen yon enfimite.

Si ou bezwen yon akomodasyon nan pwosesis aplikasyon an, ou dwe fè anplwayè a konnen ke ou bezwen yon chanjman oswa yon modifikasyon nan aplikasyon oswa pwosesis entèvyou a poutèt enfimite ou. Ou kapab fè demann sa a vèbalman oswa alekri, oswa yon moun kapab fè demann lan sou non ou. Pa egzanj, yon manm lafanmi, zanmi, pwofesyonèl sante, oswa lòt reprezantan tankou yon antrenè travay. Apre ou fin fè demann lan, anplwayè a pral mande ou pou ranpli sèten fòmilè yo, oswa swiv lòt pwosedi yo. Yo pa kapab sèvi avèk okenn pwosedi yo te mande ou pou swiv pou anpeche bay ou oswa adrese yon akomodasyon nan yon tan pratik.

Li enpòtan pou remake ke ou pa oblije bay tout istwa sante medikal oswa mantal ou pou jwenn yon akomodasyon. Ou sèlman bezwen bay enfòmasyon enpòtan an ki nesèsè pou bay yon akomodasyon.

16. Eske anplwayè mwen kapab redwi salè mwen oswa peye mwen mwens pase lòt anplwaye yo k ap fè menm travay la poutèt mwen bezwen yon akomodasyon rezonab?

Non. Anplwayè ou pa kapab redwi salè ou oswa peye ou mwens pase lòt anplwaye yo nan menm pozisyon an pou fè ou peye depans yo pou yon akomodasyon rezonab.

Lè Yo Pote yon Plent

17. Kisa mwen dwe fè si mwen kwè anplwayè mwen te fè diskriminasyon kont mwen poutèt enfimite (andikap) mwen?

Ou kapab pote yon plent devan OFCCP. Ou pa bezwen konnen avèk sètitud ke anplwayè ou se yon kontraktè oswa sou-kontraktè federal nan lòd pou pote yon plent.